



Pou Piblikasyon Imedya: 29/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL GARANTI DEKLARASYON POU GWO DEZAS POU
DEVASTASYON KE RÈS SIKLÒN BERIL YO TE KOZE NAN 10 & 11 JIYÈ**

*Deklarasyon an bay finansman pou sipòte reparasyon enfrastrikti nan Konte
Cortland, Essex, Hamilton, Lewis ak St. Lawrence*

*New York te akòde tou aksè ak pwogram sibvansyon FEMA pou diminisyon danje
pou sipòte mezi alontèm pou diminye pèt lavi ak pwoteje pwopriyete*

*Bati sou angajman 11 milyon dola Gouvènè Hochul pou sipòte pwopriyete kay yo
ak minisipalite yo ki afekte pa move tan ant 10 jiyè ak 16 jiyè*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Prezidan Biden te apwouve demann li pou yon Deklarasyon Gwo Dezaz pou bay asistans federal bay kominote ki te afekte pa move tan ki soti nan rès siklòn Beryl nan dat 10 ak 11 jiyè yo. Deklarasyon sa a pèmèt asistans finansye federal pou sipòte efò rekonstriksyon enfrastrikti piblik nan konte Cortland, Essex, Hamilton, Lewis, ak St. Lawrence.

"Efè Siklòn Beryl te lakòz gwo domaj atravè Eta New York mwa sa a, epi mwen rekonesan Prezidan Biden te apwouve demann mwen an pou yon Deklarasyon Gwo Dezaz", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an pral travay dirèkteman ak FEMA nan semèn kap vini yo pou asire patnè gouvènman lokal nou yo resevwa finansman enpòtan yo bezwen pou kòmanse pwosesis rekipasyon ak rekonstriksyon an."

Yon DGeklarasyon pou Gwo Dezaz asire asistans finansye nan men gouvènman federal la, sitou nan Pwogram Asistans Piblik (Public Assistance Program) Ajans Jesyon Ijans Federal (Federal Emergency Management Agency, FEMA) la, pou bay finansman pou gouvènman lokal yo, tribi yo ak òganizasyon san bi likratif ki kalifye pou retire debri, mezi pwoteksyon, ak reparasyon nan bilding ak enfrastrikti, ki gen ladan wout, pon, dlo ak enstalasyon tretman dlo ize, sit enfrastrikti enpòtan yo, lekòl, pak ak lòt etablisman yo.

Kòm yon pati nan deklarasyon an, New York te akòde tou aksè ak Pwogram Sibvansyon FEMA pou Diminisyon Danje yo (Hazard Mitigation Grant Programs). Apre Prezidan an fin fè yon deklarasyon katastwòf, FEMA bay lajan pou eta yo kapab

administre pwogram sibvansyon ki soutni planifikasyon diminsyonsyon risk lokal ak mezi diminsyon risk alontèm pou redwi kantite moun ki mouri ak pou amelyore pwopriyete ki andomaje pa katastwòf natirèl yo. Gouvènman lokal yo ak kèk òganizasyon san bi likratif ki okipe fonksyon ki sanble ak gouvènman yo elijib pou aplike pou sibvansyon sa yo. Tout konte nan Eta a pral gen kapasite pou aplike pou finansman sa a. Plis enfòmasyon pral disponib nan mwa kap vini yo.

Anvan tanpèt la, Gouvènè Hochul [te mande](#) ajans Eta yo pou yo prepare resous pou entèvni nan ka ijans epi yo rete an kominikasyon dirèk avèk gouvènman lokal yo pou siveye enpak move tan an epi reponn a demann pou asistans. Apre tanpèt yo, Gouvènè Hochul [te anonse](#) jiska 11 milyon dola nan asistans ijans pou pwopriyete kay ki elijib yo ak minisipalite yo nan sèt konte ki gen yon seri evènman metewolojik ki te afekte yo soti 10 jiyè rive 16 jiyè.

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Lapli istorik ak gwo tanpèt ki te frape kominote yo nan North Country ak atravè pati Nò New York nan dat 10 jiyè, te lakòz inondasyon ki te lakòz plizyè milyon domaj nan enfrastruktir piblik nou an. Deklarasyon Gwo Desas sa a pral debloke resous federal enpòtan pou Konte Lewis, St. Lawrence, Cortland, Essex, ak Hamilton pou kòmanse sou wout rekipirasyon an apre tanpèt devastè sa yo. Mwen sensèman remèsye Prezidan Biden paske li te koute apèl mwen yo pou bay sipò federal bay kominote yo atravè New York ki te afekte pa inondasyon istorik sa a, epi mwen pral kontinye goumen pou bay asistans federal kominote yo nan nò Eta New York yo bezwen pou rekonstwi ak rekipere."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Deklarasyon Gwo Desas sa a pral ede pote asistans federal imedyata bay kominote yo atravè New York Santral ak North Country ki te afekte nan move tan an jiyè pase. Mwen remèsye Prezidan Biden paske li te apwouve rapidman demann Gouvènè Hochul te fè pou Deklarasyon Gwo Desas sa a, epi mwen pral kontinye goumen pou jwenn asistans federal rezidan ki afekte yo bezwen pou rekonstwi."

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn ak, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou w jwenn plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [Twitter](#) oswa [Instagram](#), oswa vizit [sitwèb](#) nou an.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)